

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Makèt, Episri, ak Episri Fen

Èske ou posede oswa opere yon makèt?

Itilize lis tout sa pou fè a pou konnen kisa enspektè nou yo ap chèche epi pou ede ou evite vyolasyon. Tout biznis yo dwe konfòme yo avèk Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon Jeneral sou Lavant an Detay ki nan fen an pou yo jwenn referans fasil.

Pou avantaj ou, chak Kondisyon gen ladan seksyon enpòtan lwa ak/oswa règ, pou ou kapab ale ladan pou jwenn plis enfòmasyon. **KEY** ki anba la a dekri sitasyon legal ak senbòl nou itilize nan lis tout sa ki nesèsè sa a.

KEY
NYC Code: NYC Administrative Code
RCNY: Rules of the City of New York
NYCRR: NY Codes, Rules, and Regulations
NY Agric. & Mkts.: NY Agriculture & Markets Law
§: Section
§§: Sections

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
Resipyan ak Etikèt		
1	Si atik yo anbale davans epi ou vann yo oswa mande pri pou yo dapre pwa yo, ou dwe soustrè pwa anbalaj la (ki rele ta tou) nan pwa pwodui a. 1 NYCRR §221.5(c)	<input type="checkbox"/> Wi
2	Pwodui ki ka gate yo dwe gen dat limit konsomasyon oswa dat limit pou vann yo sou kouvèti anlè a oswa sou espas afichaj prensipal la. 6 RCNY §4-112(b)	<input type="checkbox"/> Wi
3	Manje ki anbale davans yo dwe gen yon etikèt ki gen tout sa ki anba la a: <ul style="list-style-type: none"> • Non pwodui a • Non ak adrès manifakti a • Pwa oswa Kantite ki nan anbalaj la • Dat ekspirasyon oswa dat limit pou vann li 1 NYCRR §§221.4, 221.5(c); 6 RCNY §4-112(b)	<input type="checkbox"/> Wi
Vyann		
4	Vyann nan dwe nan yon anbalaj ki san koulè oswa ki transparan sou yon bò, avèk eksepsyon vann moulen. NYC Code §20-682	<input type="checkbox"/> Wi
5	Pa kapab gen limyè koulè oswa limyè reklam sou oswa toupre oswa anwo etalaj vyann yo. 6 RCNY §3-57	<input type="checkbox"/> Wi
Reklam		
6	Atik ou fè reklam pou yo dwe disponib sou etajè yo. Yon ti konsèy: Si gen yon kantite limite nan nenpòt atik ou fè reklam pou yo oswa si atik yo pa disponib nan chak lokal makèt la, ou dwe endike sa nan reklam nan. 6 RCNY §5-53	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Makèt, Episri, ak Episri Fen

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
Eskanè		
7	Lè atik yo eskane, pri a fèt pou menm ak pi piti pri atik la, pri ki sou etajè a, pri lavant lan oswa pri ki endike nan reklam nan. NYC Code §20-708.1(e)	<input type="checkbox"/> Wi
8	Ou kapab fè kliyan yo peye taks sou atik kliyan pa dwe peye taks. Yon ti konsèy: Kontakte Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York pou jwenn enfòmasyon sou sa ou ka reklame taks ak sou sa ou pa ka reklame taks. NYC Code §20-700	<input type="checkbox"/> Wi
Kès Lajan		
9	Afichaj pri nan kès lajan an dwe vizib pou kliyan an. NYC Code §20-691(a)	<input type="checkbox"/> Wi
Resi yo		
10	Ou dwe bay kliyan yo resi pou acha ki depase \$20 dola epi si yo mande resi pou acha ki ant \$5 dola ak \$20 dola. 6 RCNY §5-32(c)	<input type="checkbox"/> Wi
11	Men sa ki fèt pou nan resi a: <ul style="list-style-type: none"> • Dat acha a • Kantite lajan ki peye pou chak atik • Kantite lajan total kliyan an peye a: • Deklarasyon taks la apa • Non ak adrès magazen an 6 RCNY §5-32(c)	<input type="checkbox"/> Wi
Ansèy yo		
12	Ou dwe afiche yon règleman pou ranbousman nan chak kès, pwen lavant, oswa nan pòt antre a. Yon ti konsèy: Menmsi règleman an se pou bay ranbousman a, ou dwe afiche yon ansèy ki endike “No Refunds” (Pa Gen Ranbousman). 6 RCNY §5-37	<input type="checkbox"/> Wi
13	Si gen limit sou itilizasyon kat kredi, tankou kantite lajan pou acha minimòm, règleman an dwe afiche aklè toupre pwen lavant lan oswa nan chak pòt antre a. Yon ti konsèy: Ou dwe endike nenpòt limit sou tout kat kredi yo epitou ou dwe bay eksplikasyon nan tout reklam ki endike ou aksepte kat kredi. 6 RCNY §5-24(b)	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Makèt, Episri, ak Episri Fen

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
Pri sou Atik ki Etale pou Vann		
14	<p>Si revni anyèl makèt la pi plis pase \$2 milyon dola, pifò atik yo dwe gen pri apa.</p> <p>Yon ti konsèy: Atik ki anba la yo pa oblije gen pri apa men yo dwe gen pri sou etajè a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Lèt • Ze • Pwodui fre • Manje kolasyon ki pa mwens pase 5 ons • Manje konjle • Bokal manje bebe • Atik ki mwens pase 3 pous kib, anba 3 ons, epi anba \$1 dola <p>Yon ti konsèy: Atik ki pou vann avèk rabè pou yon semèn oswa mwens epi ki etale nan tèt gondòl yo pa oblije gen pri apa, men yo fèt pou gen yon siy nan pwent etalaj la ki endike dat lavant avèk rabè a (yon semèn oswa mwens), non pwodui a, ak pri ki endike nan reklam nan.</p> <p>NYC Code §20-708.1(b)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
15	<p>Si revni anyèl makèt la mwens pase \$2 milyon dola epi si makèt la pa fè pati yon chèn makèt, pri chak atik dwe endike swa sou atik la oswa sou yon ansèy kote atik la etale a.</p> <p>NYC Code §20-708</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Balans pou Kliyan yo		
16	<p>Dwe gen yon balans dijital ki disponib pou kliyan yo re-mezire pwa atik makèt la anbale yo.</p> <p>NY Agric. & Mkts. §190(5)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
17	<p>Dwe gen yon ansèy sou oswa toupre balans lan ki endike balans lan se pou kliyan yo itilize.</p> <p>NY Agric. & Mkts. §190(5)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Balans		
18	<p>DCA fèt pou enspekte tout balans ki nan makèt la chak ane, sof pou balans kliyan yo pou estimasyon, epitou balans yo dwe gen so enspeksyon valab DCA.</p> <p>Yon ti konsèy: Mande yon enspeksyon balans sou entènèt oswa rele 311 pou sa.</p> <p>NYC Code §20-584</p>	<input type="checkbox"/> Wi
19	<p>Balans yo dwe se yon kalite ki jwenn apwobasyon Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York (New York State Department of Agriculture and Markets) (Aparèy pou Mezire ak Pran Pwa ki Apwouve pou Itilizasyon Komèsyal; Dènye chanjman nan mwa Jiyè 2015).</p> <p>1 NYCRR §220.1(a)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
20	<p>Yon balans ta dwe itilize sèlman pou sa li la pou fè a. Pa egzanp, ou pa ta dwe itilize yon balans ki pandye pou peze vyann fre.</p> <p>1 NYCRR §220.1(a)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
21	<p>Yon balans ta dwe kapab peze kantite kliyan yo ka vle a. Pa egzanp, yon balans ki endike liv sèlman pa ase pou peze pwodui moun ka vle achte an pi piti kantite (tankou yon ti kantite ons djondjon).</p> <p>1 NYCRR §220.2(a)</p>	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Makèt, Episri, ak Episri Fen

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
22	Balans yo dwe afiche zewo lè pa gen anyen sou yo. 1 NYCRR §220.2(a)	<input type="checkbox"/> Wi
23	Tout balans ou itilize pou pran pwa atik ki imid tankou pwason dwe gen kanalizasyon. 1 NYCRR §220.2(a)	<input type="checkbox"/> Wi
24	Si yon anplwaye makèt la ak yon kliyan nan bò ki opoze yon kontwa, ou dwe mete balans lan nan mitan toulède epi balans lan dwe bay fas sou yo. 6 RCNY §3-24(c)	<input type="checkbox"/> Wi
25	Pa kapab gen anyen ki sou yon distans 10 pous avèk nenpòt balans ki pa balans ki nan kès yo. 6 RCNY §3-24(e)	<input type="checkbox"/> Wi
26	Enspektè DCA yo dwe gen pèmasyon pou fè enspeksyon balans yo imedyatman lè yo mande sa. NYC Code §20-591	<input type="checkbox"/> Wi
Pri Episri Fen		
27	Pri yo dwe afiche pou chak ak tout pwodui episri fen yo, swa yo tache nan yon ansèy, swa yo toupre ansèy la, oswa yo sou ansèy la. 1 NYCRR §221.13(b)(18)	<input type="checkbox"/> Wi
Tretman Gwo Kantite Manje		
28	Si yon makèt yon ba salad, ba oliv, oswa nenpòt manje an detay ki pa anbale (pa egzanp, kafe, pwa, nwa ak grenn, elatriye), dwe gen yon ansèy ki afiche kote kliyan yo kapab wè li fasil epi ki endike kisa atik la ye ak pri pou chak liv atik la oswa pri pou chak inite atik la. 1 NYCRR §221.13(b)(19)	<input type="checkbox"/> Wi
Medikaman san Preskripsyon ki Ekspire		
29	Li ilegal pou vann medikaman san preskripsyon avèk yon dat ki ekspire. NYC Code §20-822(a)	<input type="checkbox"/> Wi
Lòt		
30	Enspektè yo ka fè enspeksyon tou pou yo wè si ou konfòme ou avèk lòt lwa yo, tankou si makèt ou gen youn oswa plis lisans DCA, si makèt ou gen yon famasi, oswa si ou vann lòt pwodui tankou tabak awomatize ak jwèt.	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Detay Jeneral



Èske biznis ou vann machandiz oswa sèvis?

Itilize lis tout sa pou fè a pou konnen kisa enspektè nou yo ap chèche epi pou ede ou evite vyolasyon. Pou avantaj ou, chak Kondisyon gen ladan seksyon enpòtan lwa ak/oswa règ, pou ou kapab ale ladan pou jwenn plis enfòmasyon. **KEY** ki anba la a dekri sitasyon legal ak senbòl nou itilize nan lis tout sa ki nesèsè sa a.

KEY
NYC Code: NYC Administrative Code
RCNY: Rules of the City of New York
§: Section

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
Lis Pri pou Sèvis yo		
1	Ou dwe afiche yon lis pri ki gen kalite sèvis ak pri sèvis yo. 6 RCNY §5-70(a)	<input type="checkbox"/> Wi
2	Ou dwe afiche lis pri a aklè oswa ou dwe mete li toupre kès lajan an ak/oswa nan kote ou mete kòmman yo. 6 RCNY §5-70(a)	<input type="checkbox"/> Wi
3	Si lis pri a endike yon frè minimòm (pa egzanp, "apati \$...") oswa si li endike yon pri "ak apeprè," li dwe endike rezon an pou diferan pri yo epitou li dwe gen tout kalite pri yo. 6 RCNY §5-70(a)	<input type="checkbox"/> Wi
4	Si gen yon lavant oswa yon pwomosyon, ou dwe afiche pri anvan lavant lan pou konparezon. NYC Code §20-750(b)	<input type="checkbox"/> Wi
5	Pri pou sèvis yo pa kapab baze sou si yon kliyan se gason oswa fanm. Yon ti konsèy: Ou pa kapab itilize mo tankou "men's," "women's," ak "ladies" pou dekri pri a; ou dwe dekri diferans lan nan yon fason ki pa endike ni fanm ni gason. (Egzanp: Cheve ki anlè zèpòl = \$15 dola; Cheve anba zèpòl = \$30 dola) Yon ti konsèy: Olye lis pri pou chemiz ak blouz, pri a dwe bay deskripsyon an dapre diferans fizik ant chemiz yo. (Egzanp: payèt, jabo, bouton sofistike) NYC Code §20-750(c)	<input type="checkbox"/> Wi
Pri pou Machandiz yo		
6	Tout atik ou ofri pou vann yo dwe gen yon pri ki aklè pou kliyan yo wè. NYC Code §20-708	<input type="checkbox"/> Wi
7	Pou pifò atik yo, ou dwe tache pri a sou atik la oswa sou yon afich kote ou mete atik la. NYC Code §20-708	<input type="checkbox"/> Wi
8	Si revni anyèl magazen ou plis pase \$2 milyon dola oswa si ou gen yon chèn magazen, ou dwe mete pri yo apa pou pifò pwodui alimantè, ou dwe fè sa tou pou pwodui papyè, detèjan, savon, medikaman san preskripsyon, ak èd sante ak bote. NYC Code §20-708.1(b)	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Detay Jeneral

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
9	<p>Ou pa oblije mete pri a apa sou lèt; ze; pwodui fre; manje kolasyon ki mwens pase 5 ons; manje konjle; bokal manje bebe; ak atik ki mwens pase 3 pous kib, mwens pase 3 ons epi ki vann pou mwens pase \$1 dola, men yo dwe gen pri yo sou etajè a.</p> <p>NYC Code §20-708.1(b)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Ansèy yo		
10	<p>Ansèy lavant ki fè reklam pou rabè yon pousan—egzanp: rabè 20-50% —dwe endike pousantaj rabè minimòm nan.</p> <p>Yon ti konsèy: Chif minimòm ak chif maksimòm nan dwe gen menm dimansyon.</p> <div style="display: flex; justify-content: center; gap: 20px;">   </div> <p>6 RCNY §5-94(a)(1)</p>	<input type="checkbox"/> Wi
11	<p>Ansèy lavant yo pa kapab gen okenn ekspresyon sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • “Our list price” (Lis pri nou) • Below “manufacturer’s wholesale cost” (Anba la a “pri lavant angwo manifakti a”) • “Manufacturer’s cost” (Pri manifakti) <p>6 RCNY §5-101</p>	<input type="checkbox"/> Wi
12	<p>Biznis ki vann machandiz ak sèvis yo dwe afiche yon règleman pou ranbousman.</p> <p>Yon ti konsèy: Ou dwe afiche yon règleman pou ranbousman nan chak kès, pwen lavant, oswa nan pòt antre a.</p> <p>Yon ti konsèy: Menmsi règleman an se pou bay ranbousman a, ou dwe afiche yon ansèy ki endike “No Refunds” (Pa Gen Ranbousman).</p> <p>6 RCNY §5-37</p>	<input type="checkbox"/> Wi
13	<p>Règleman pou ranbousman an dwe endike nenpòt ak tout kondisyon oswa limit pou resevwa yon ranbousman. Pa egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Biznis yo dwe fè konnen nenpòt frè yo reklame pou ranbousman, tankou “frè pou re-estokaj.” • Si yon biznis p ap bay ranbousman pou atik “as is” (jan li ye a), li dwe fè konnen sa. • Biznis yo dwe fè konnen tou si ranbousman an ap fèt avèk lajan kach, kredi oswa kredi magazen an sèlman. • Si prèv acha a obligatwa pou yon ranbousman, ansèy la fèt pou di sa. • Yon biznis ki chwazi pou pa bay ranbousman fèt pou afiche yon ansèy ki endike, “No Refund” (Pa gen ranbousman), oswa mo ki konsène sa. • Ansèy la dwe endike yon kopi ekri règleman magazen an sou ranbousman disponib sou demann. <p>6 RCNY §5-37</p>	<input type="checkbox"/> Wi

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Detay Jeneral

Kondisyon		Èske ou satisfè kondisyon sa a?
14	Si gen limit sou itilizasyon kat kredi, tankou kantite lajan pou acha minimòm, règleman an dwe afiche aklè toupre pwen lavant lan oswa nan chak pòt antre a.	<input type="checkbox"/> Wi
	6 RCNY §5-24(b)	
Resi yo		
15	Ou dwe bay kliyan yo resi pou acha ki depase \$20 dola epi si yo mande resi pou acha ki ant \$5 dola ak \$20 dola. Yon ti konsèy: Sa pa aplike pou manje ak bwason ki la pou konsome nan lokal biznis lan.	<input type="checkbox"/> Wi
	6 RCNY §5-32(b)(2)	
16	Resi a dwe gen ladan sa ki endike anba la a: <ul style="list-style-type: none"> • Dat acha a • Kantite lajan ki peye pou chak atik • Kantite lajan total kliyan an peye a: • Deklarasyon taks la apa • Non ak adrès magazen an 	<input type="checkbox"/> Wi
	6 RCNY §5-32(c)	
17	Resi pou atik elektwonik ki koute plis pase \$100 dola dwe gen ladan tou mak nimewo modèl atik la.	<input type="checkbox"/> Wi
	6 RCNY §5-32(c)(5)	
Presizyon Pri		
18	Lè atik yo eskane, pri a fèt pou menm ak pi piti pri atik la, pri ki sou etajè a, pri lavant lan oswa pri ki endike nan reklam nan.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §20-708.1(d)	
19	Si ou pa itilize eskanè, pri nan moman lavant atik la fèt pou toujou menm ak pi piti pri atik la, pri ki sou etajè a, pri lavant lan oswa pri ki endike nan reklam nan.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §20-708.1(e)	
20	Ou kapab fè kliyan an peye taks sou atik kliyan pa dwe peye taks sou yo. Yon ti konsèy: Kontakte Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York (New York State Department of Taxation and Finance) pou jwenn yon lis konplè ki atik kliyan pa dwe peye taks sou yo.	<input type="checkbox"/> Wi
	NYC Code §20-700	

Lis Tout Sa pou Fè pou Enspeksyon: Detay Jeneral

Kondisyon	Èske ou satisfè kondisyon sa a?
Plan pou Atik ki Rezève	
<p>21 Si ou ofri rezèvasyon atik, ou dwe bay chak nan enfòmasyon alekri ki anba la yo pou kliyan yo anvan ou aksepte nenpòt peman ki depase \$50 dola an 4 vèsman oswa plis:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Deskripsyon atik la, tankou non, mak, koulè ak nimewo modèl la • Pri total atik la anvan ak taks la • Frè pou rezève atik la ak nenpòt frè anilasyon • Dire plan pou konsève pwodui a • Kalandriye peman an ak nenpòt konsekans si peman yo pa fèt • Règleman pou ranbousman • Avi pou si ou si w ap retire oswa si ou p ap retire atik la nan envantè ou jouk lè yon kantite peman fèt <p><i>Egzanp 1: NOTICE (AVI): NO MERCHANDISE WILL BE REMOVED FROM INVENTORY UNTIL X% OF THE PURCHASE PRICE HAS BEEN PAID. (NOU P AP RETIRE MACHANDIZ NAN ENVANTÈ A JOUK LÈ X% PRI ACHA A PEYE.)</i></p> <p><i>Egzanp 2: ATTENTION (ATANSYON): YOUR SELECTION OF MERCHANDISE WILL NOT BE ORDERED UNTIL YOU HAVE MADE YOUR NEXT TO FINAL PAYMENT. (NOU P AP FÈ KÒMANN MACHANDIZ OU CHWAZI A JOUK LÈ OU FÈ PEMAN FINAL LA.)</i></p> <p>6 RCNY §5-23</p>	<input type="checkbox"/> Wi
Medikaman san Preskripsyon ki Ekspire	
<p>22 Li ilegal pou vann medikaman san preskripsyon apre dat ekspirasyon ki sou etikèt la.</p> <p>NYC Code §20-822(a)</p>	<input type="checkbox"/> Wi